



Pou Piblikasyon Imedya: 11/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO FÈ SOU DISETYÈM ANIVÈSÈ
11/9**

“Disèt ane de sa, New York te chanje a jamè akòz atak 11 Septanm yo, ki te tiye prèske twa mil moun. Lavi pa te janm ka vin jan li te ye anvan an, epi li pa te konsa.

Men New York te rekipere, epi rekiperasyon nou an di anpil bagay sou lespri imen endontab lan. Nan peryòd apre pasaj trajedi an, vwazen yo te ede youn lòt travèse moman premye jou difisil yo epi nou te geri ansanm. Pa te gen Repibliken oswa Demokrat, epi lòt distenksyon yo te vani tou. Si moun ki te fè atak yo te chèche yon fason pou bay Amerik yon leson nan imilite, yo te bay rezilta kontrè a. Nou pa te janm pi fyè pou nou se moun New York.

Nou te konnen tou ke li te enpòtan pou nou retounen konstwi pi djanm, epi se egzakteman sa ke nou te fè. Nou te ajoute kat nouvo gradsyèl jiskaprezan, menm jan ak 9/11 Memorial and Museum lan pou ka onore sola yo ki te pèdi lavi yo ak yon santral transpò pou rivalize Grand Central. Nan Samdi, nou te retounen ouvri estasyon metwo Cortlandt Street lan. Globalman, li se yon reflè detèminasyon New York pou leve kanpe menm pi djanm, san li pa afebli akòz 11/9.

Men sitou, nou pa pral janm bliye moun sa yo ak ewo jenere yo ki pa te rantre lakay yo jou sa a. Nou dwe ofisye fòs lapolis, ponpye, pwofesyonèl medikal ak lòt premye sekouris brav yo ki te sove pakèt lavi yo yon etènèl dèt gratid, epi nou kanpe kòt a kòt ak sila yo ki te patisipe nan repons yo ak rekiperasyon yo epi ki aktyèlman ap lite kont maladi ki an rapò ak 11/9 yo. Nou ap onore tou fanm ak gason kouraje yo ki nan Fòs Lane Amerikèn yo (United States Armed Forces), ki gen ladan Gad Nasyonal New York la (New York National Guard), ki te pwoteje libète nou lè sa a epi ki kontinye fè sa kounye a lakay nou ak lòtbòdlo.

Nan New York, nou pral toujou batay pou konsève eritaj ewo sa yo epi kontinye sèvi kòm yon flanbo libète pou tout mond lan”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)